# Helpline yekurevera dzimhosva

## Ndinofanira kushandisa Helpline rinhi?

Sechiyeuchidzo, maneja wenyu wepedyo, maneja wemunzvimbo yenyu anoita zvemaererano ne Kutevedzerwa kweMutemo (Compliance), kana kuti mamaneja emudunhu renyu vanokwanisa kubatsira zvinonetsa vashandi. Pamusoro peizvi, ani naani zvake ane kodzero ye kutaura ne veCorporate Compliance. Chekupedzisira, kana musingade kuzivikanwa kana kuti muchingoda kunorevera muchishandisa chimwe chikamu, munokwanisa kushandisa nzira dzakaita se foni yeHelpline, pamasaisai kana nemeseji yepaFoni. Vashandi, vatengi, varimi, nevamwe vabatsiri vanofanira kusununguka kushandisa Helpline kutaura zvichemo zvavo.

## Inyaya rudzii dzandinofanira kurevera?

Zvinotevera zvinofanira kureverwa: chiokomuhomwe ne huori, zvine chekeuita nezve mari, kuba kana kusashandiswa zvakanaka kwezvinhu zvepakambani nekumwewo kwamunofungidzira kungave kutyorwa kwemutemo wenyika, mitemo ye zvemaendero ezvinabhizinesi, ne imwe mitemo. Nyaya dzemumabasa dzinofanira kutauriranwa nevekudhipatimendi re HR kana kuti nemaManeja emunzvimbo yenyu.

## Foni yacho inodavirwa sei?

Pamunofona nhamba dzacho, munodavirwa nemutauro wenzvimbo iyoyo, neChirungu kana zvose. Vanodavira mafoni vanobva vakubvunzai kuti murikufona maererano nezve kambani ipi. Hazvinei nekuti murikufona muri kupi, munokwanisa kukumbira umwe weVashanduri wemutauro kubva pane maZana Matatu emitauro iripo.

## Ndinokwanisa kurevera mhosva ndisingazivikanwe here?

Munokwanisa kuendesa zvichemo zvenyu musingazivikanwe panenge pachibvumirwa nemutemo. Munokwanisa kusarudza kuzivikanwa nechimwe chikamu chevanhu, chisiri vamafonera, vanonzi veConvercent, asi muchiramba musingazivikanwe ne ve Pyxus, kana kuti munokwanisa kusarudza kusazivikanwa navo vose.

## Chii chinoitika pandinoshandisa Helpline?

Mafoni ose eHelpline , maripoti epaIndaneti ne maripoti epamaMeseji epafoni anodavirwa nechimwe chikamu, veConvercent, vanounganidza ruzivo rwe zvichemo zvenyu votumira ripoti kuPyxus Corporate Compliance. Tinozotsvangurudza nyaya dzose dzareverwa.

## Ndinokwanisa kuzoTsividzwa here nokuda kwokurevera uku?

Avo vanenge vaita muchokwadi mukutsvaga mazano, kutaura zvichemo, kana mukubatsira mutsvangurudzo havatsividzwe kunyangwe nyaya yavo ikazoonekwa isina uchapupu. Mukafungidzira kuti pane paita tsivo munofanira kunorevera kuCorporate Compliance kana kuti nepaHelpline nekukurumidza.

## Chii chinozoitika kana ndarevera?

Mushure mekunge vatambira ripoti kubva kune vekuConvercent, veCoperate Compliance vanozoona nzira dzakakodzera mukutsvangurudza uye vanozokwanisa kuzotaura nemunhu akarevera mhosva kuti avape rumwe ruzivo rwakawedzerwa.

## Ndinokwanisa kuziva nezve gumisiro yacho sei?

Pamunotaura ne ve paHelpline, munobva mapihwa nzira yakavanzika yekuti muzokwanisa kufona zvakare kana kuti muzokwanisa kuwana ripoti yenyu paIndaneti kuti mukwanise kuzoona chinzvimbo chenyaya yacho kana gumisiro yetsvangurudzo. Munokwanisazve kutaura ne ve Corporate Compliance chaipoipo.

**Helpline inopa mukana wokurevera paine chikamu chinobatsira kuita seizvozvo, chinonzi Convercent, varipo nguva dzose, mazuva ose.**

## Nhamba dzekufona kuHelpline

Argentina **0800.333.0095**
Brazil **0.800.892.2299**
Bulgaria ***(use Macedonia or Web)***
Canada **1.800.235.6302**
China **400.120.3062**
England **0.808.1289.1053**
France **0805.080339**
Germany **0800.181.2396**
Guatemala **+502.23784832**
Hong Kong **800.906.069**
India **000.800.100.4175**
Indonesia **+62.21.297.589.86**
Jordan **0800.22656**
Kenya **0800.221312**
Macedonia **0800.93894**
Malawi **0800.026.9803**
Myanmar ***(use Thailand or Web)***
Russia **8.800.100.9615**
Singapore **800.852.3912**
Switzerland **0800.838.835**
Tanzania **0800.780.005**
Thailand **1.800.012.657**
Turkey **00.800.113.0803**
Uganda **+256.206300115**
United States **1.800.461.9330**
Vietnam **122.80.390**
Zambia **+1.720.514.4400**
Zimbabwe **+263.86.4404.1046**

**Kwekunyorera tsmaba kuHelpline paIndaneti**
www.pyxusintl.com/compliance/helpline

**Kwekunyorera maMeseji epafoni kuHelpline**
1.252.512.5428 (US/Canada chete)

**Kwekurevera paWhatsApp kuHelpline**
*Zvichauya muchikamu chinotevra*(Nyika dzose)

**Corporate Compliance**
+1.919.379.4118
compliance@aointl.com
8001 Aerial Center Parkway
Morrisville, NC 27560
United States ye America